

Epi gen kèk ki gen konpasyon, yo fè yon diferans

Pa Barbara Thompson

Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou

Bote viziz nan fwaye se nan ch

Chè sè m yo, ala yon benediksyon sa ye pou m avèk nou pou santi fòs nou ak lanmou nou pou Senyè a. Mèsi pou lanmou ak konpasyon nou pataje avèk lòt moun chak jou.

Nan premye jou Sosyete Sekou yo nan Novou nou konnen ke sè yo te konn deplase sot nan yon kay al nan yon lòt, pou youn okipe lòt, pou te detèmine bezwen ki te genyen, pote manje, pran swen malad, ak montre konpasyon pou chak fi ak fanmi li.<sup>1</sup> Sa fè nou sonje ak ekriti nan Jid la, “Epi gen kèk ki gen konpasyon, yo fè yon diferans”<sup>2</sup> Pandan m ap medite sou ekriti sa a ak siyifikasyon li, panse m tounen vè Sovè a ak pil fwa ekriti yo pale nou de lanmou ak konpasyon Kris la te genyen pou tout moun.

Nan Nouvo Testaman an nou li souvan ke “kè Kris la te fè l mal”<sup>3</sup> pou moun yo lè l te konn reponn ak bezwen yo. Li te gen konpasyon lè l te wè yo te grangou e l te nourri yo, oubyen lè l te wè yo malad epi l te geri yo, oubyen lè yo te nan bezwen nourisman esprityèl epi li te anseye yo.

Konpasyon vle di santi lanmou ak mizèrikòd pou yon lòt moun. Sa vle di gen senpati ak dezi pou soulaje soufrans lòt moun. Sa vle di montre jantiyès ak tandrès pou yon lòt moun.

Sovè a mande nou pou nou fè sa l te konn fè,<sup>4</sup> pou nou youn pote chay lòt, pou nou konsole moun ki bezwen konsolasyon, kriye ak moun k ap kriye yo,<sup>5</sup> bay moun grangou manje, vizite moun ki malady o,<sup>6</sup> pote moun ki fèb yo sekou, leve men ki pandye yo,<sup>7</sup> epi youn anseye lòt doktrin wayòm nan.”<sup>8</sup> Pou mwen menm, pawòl ak aksyon sa yo dekri enstriktris nan fwaye yo---moun k ap pran swen bezwen lòt yo.

Vizit nan fwaye bay fi yo opòtinite pou youn veye sou lòt, pou youn fòtifye ak anseye lòt. Menmjan yon enstrikte nan Prètriz Aawon an gen responsablite pou “toujou veye sou legliz la” epi “pou l avèk yo epi pou l fòtifye yo”<sup>9</sup> a, yon enstriktris nan fwaye montre lanmou li lè nan yon espri lapriyè li konsidere chak fi li aple pou sèvi yo.

Sè Julie B. Beck raple nou: “Paske n ap suiv egzanp ak ansèyman Jezikri yo, nou bay valè ak tach sakre sa a pou n renmen, konnen, sèvi, konprann, anseye ak ministre nan non l lan.”<sup>10</sup>

Jodi a, mwen vle pale sou de bagay.

Benediksyon nou pote bay lòt moun lè n ap sèvi antanke enstriktris nan fwaye.

Ak benediksyon nou resevwa lè n ap sèvi lòt moun

Benediksyon nou pote bay lòt moun lè n ap sèvi antanke enstriktris nan fwaye

Sa pa gen lontan m te vizite yon gwoup fin an Anchorage, Alaska. Te gen apeprè 12 fi nan sal la epi 6 lòt te patisipe pa ‘speakè’ nan telefòn apati vil ak vilaj nan tout Alaska. Anpil nan medàm sa yo t ap viv dè santèn kilomèt lwen bilding Legliz la. Medàm sa yo te anseye m sou vizit nan fwaye.

Pou n te pèsònèlman vizite tout sè yo sa te mande monte avyon, vwayaje pa bato, oubyen vwayaje sou pil long distans nan machin. Klèman, tan ak depans rann enposib pou n te vizite tout sè yo lakay yo. Sepandan, sè sa yo te santi yo konekte anpil paske yo t ap priye youn pou lòt avèk fèvè epi yo t ap chèche gidans Sentespri a pou konnen sa sè yo te bezwen, menmsi yo pa t la an pèsòn souvan. Yo te debwouye yo rete an kontak pa telefòn, pa entènèt, ak pa lèt. Yo te sèvi avèk lanmou paske yo te fè alyans avèk Senyè a epi yo te vle beni ak fòtifye sè yo.

Yon lòt koup enstriktris nan fwaye devwe nan Repiblik Demokratik Kongo te mache sou gwo distans pou vizite yon madanm ak tibebe li. Sè sa yo te prepare yon mesaj nan lapriyè epi yo te vle konnen kijan pou yo te fè yon diferans nan lavi chè madanm sa a yo t ap vizite a. Medàm yo te kontan vizit yo a. Pou madanm nan, vizit la sete yon mesaj soti nan syèl ki te vini jis pou li. Pandan enstriktris nan fwaye yo te reyini nan ti kay li a, sè a, fanmi li, ak enstriktris nan fwaye yo te edifye ak beni. Mach long lan pa t sanble yon sakrifis. Enstriktris nan fwaye sa yo te gen konpasyon, yo te fè yon diferans pou byen, e yo te beni lavi madanm sa a.

Long distans, depans, ak pwoblèm sekirite rann kontak an pèsòn chak mwa yo enposib nan kèk zòn nan legliz la, men, pa pouvwa revelasyon pèsònèl, sè ki vrèman ap chèche pou youn renmen lòt yo epi k ap veye ak fòtifye youn lòt yo, jwenn fason siyifikan pou akonpli apèl sa a Senyè a ba yo a.

Yon Prezidan Sosyete Sekou enspire reyini avèk evèk yo epi nan lapriyè yo bay tach vizit ansèyman pou ede li nan veye sou chak fi ak pran swen chak fi nan pawas la. Lè nou konprann pwosesis fè konsèy ak revelasyon sa a, nou pi byen konprann responsablite enpòtan nou pou ministè epi nou ka konte sou Lespri a avèk plis konfyans pou gide efò nou.

M se youn nan moun ki vizite plizyè fi chak mwa epi apresya m deklare avèk yon soulajman: Vizit nan fwaye m fèt!” Bon, pati m pale la a kapab fini, men si se sèl rezon ki fè m fè li, enben, ala yon wont.

Bote vizit nan fwaye pa chita nan wè 100 pousan sou yon rapò chak mwa; bote vizit nan fwaye se wè lavi chanje, dlo nan je seche, temwayaj ap grandi, moun ap renmen, fanmi ap fòtifte, moun gen kè kontan, moun grangou manje, moun malad vizite, e moun k ap kriye jwenn konsolasyon. Anfèt, vizit nan fwaye pa janm *fini* paske nou toujou ap veye ak fòtifye.

Yon lòt benediksyon vizit nan fwaye se ogmante inite ak lanmou. Ekriti yo konseye nou sou fason pou nou rive fè sa: “Epi li te kòmande yo pou ...yo... gade nan yon sèl direksyon, pou yo gen yon

sèl lafwa, ak yon sèl batèm, pou yo gen kè yo makonnen ansanm nan inite ak lanmou youn pou lòt.”<sup>11</sup>

Anpil fi te repòte ke rezon k fè yo te vin tounen aktiv nan Legliz la sete akòz yon enstriktis nan fwaye fidèl ki te toujou vini mwa apre mwa pou ministre yo, repeche yo, renmen yo, beni yo.

Pafwa mesaj la se ap bagay ki pi enpòtan ou pataje nan yon vizit. Gen kèk fi ki pa gen anpil nourisman espirityèl nan lavi yo sof mesaj w ap pote a. Mesaj vizit ansèyman nan *Lyawona* yo se mesaj levanjil ki ede chak fi ogmante lafwa yo, fòtifye fanmi yo, ak mete aksan sou sèvis charitab.

Pafwa benediksyon ki pi enpòtan nan vizit la se pral jis koute. Koute pote rekonfò, konpreyansyon, ak gerizon. Gen lòt lè kote ou gen dwa oblije twouse manch ou pou al travay nan yon kay oubyen ede kalme yon timoun k ap kriye tou.

Benediksyon nou resevwa lè nou sèvi lòt moun

Benediksyon nou resevwa lè nou sèvi lòt moun yo anpil. Pafwa m konn di: “O, fòk mwen fè vizit nan fwaye mwen!” (Sete epòk kote m te bliye ke m t ap vizite ak anseye fi. Sete epòk kote m te konn wè li tankou yon fado olye yon benediksyon.) M ka di onètman ke lè m te konn fè vizit nan fwaye, m te toujou santi m pi byen. M te edifye, renmen ak beni, abityèlman pi plis pase sè m te konn al vizite yo. Lanmou mwen te ogmante. Dezi m pou sèvi te ogmante. E m te ka wè ala yon bèl fason Papa nou ki nan Syèl la planifye pou nou pou youn veye sou lòt ak sousye pou lòt.

Lòt benediksyon ki genyen nan enstriktis nan fwaye sèke nou vin konnen ak vin zanmi avèk moun nou te gen dwa pa byen konnen otreman. Pafwa sa pèmèt nou vin repons priyè yon moun. Epitou, revelasyon pèsonèl ak eksperyans espirityèl konekte anpil avèk vizit nan fwaye.

M te fè kèk nan eksperyans pi enb, pi bèl, ak pi espirityèl nan lavi mwen pandan m te konn chita nan kay fi nan pwòp pawas mwen yo ak toupatou nan mond la. Nou youn konn anseye lòt levanjil la. Nou kriye ansanm, ri ansanm, rezoud pwoblèm ansanm, e mwen toujou edifye ak beni.

Yon jou swa, prèske nan fen mwa a, m t ap prepare m pou m te pati e m potko vizite youn nan sè m yo. Sete ta nan aswè. M pa t gen randevou. M pa t rele. M pa t gen konpay. Men m te deside ke l te enpòtan pou m te vizite zanmi mwen, Julie. Pitit fi Julie a, Ashley, te fèt avèk yon maladi nan zo. Malgre Ashley te prèske gen sizan, li te piti anpil e l pa t kapab fè anyen ke bouje bra li ak pale. Li te kouche sou yon tapi tout jounen, chak jou. Ashley sete yon ti pitit ge, kontan e m te renmen ret bò kote li.

Nan jou swa patikilye sa a lè m te rive nan kay la, Julie te envite m antre epi Ashley te rele m pou l te montre m yon bagay. M te ale e m te ajenou atè a bò kote li epi manman l te vin sou lòt bò a. Ashley te di: “Gade sa m ka fè!” Epi avèk èd manman li, li te vire sou kote ak sou do ankò. Sa te pran l prèske sizan pou l te akonpli bi mèveye sa a. Pandan nou t ap bat bravo ak ri ak kriye ansanm nan okazyon espesyal sa a, m te remèsye Papa nou ki nan Syèl la paske m t al fè vizit nan fwaye mwen e m pa t rate gwo evenman sa a. M ap toujou rekonesan dèske m te gen eksperyans espesyal sa a avèk li.

Pwòp manman pa m sete yon enstriktris nan fwaye devwe ak ekstraòdinè pandan plizyè ane. Li te toujou ap panse sou fason pou l te beni fanmi l te vizite yo. Li te pote atansyon patikilye ak pitit sè l t ap vizite yo an esperan pou l fòtifye fanmi yo. M sonje yon ti pitit senkan ki te vin jwenn manman m legliz la epi l te deklare: “Ou se enstriktris nan fwaye mwen. M renmen ou!” Fè pati lavi fi ekstraòdinè sa yo ak fanmi yo sete yon benediksyon pou manman m.

Se pa tout eksperyans anrapò ak vizit nan fwaye ki bèl ak chalere. Pafwa sa difisil, tankou vizite yon fwaye kote ou reyèlman pa byenveni oubyen lè l difisil pou rankontre avèk yon sè ki gen orè trè chaje. Sa ka pran lontan pou bati yon bon relasyon avèk kèk sè. Men lè nou vrèman chèche renmen, sousye ak priye pou sè a, Sentespri a ap ede nou jwenn yon fason pou veye sou li ak fòtifye li.

Prezidan Thomas S. Monson se yon mèt nan ministre jan Sovè a te fè. Li konstaman ap fè vizit ak ede lòt moun. Li di: “Nou antoure pa moun ki bezwen atansyon nou, ankourajman nou, sipò nou, rekonfò nou, jantiyès nou ..... Nou nan men Senyè a isit la sou tè a, avèk manda pou sèvi ak edifye pitit li yo. Li depann sou nou chak.”<sup>12</sup>

“Epi okenn moun pa kapab ede nan travay sa a si l pa gen imilite epi si l pa ranpli avèk lanmou, si l pa gen lafwa, esperans, charite, si l pa tanpere nan tout bagay, nenpòt bagay yo ta konfye l pou l pran swen an”<sup>13</sup>

Fi n ap vizite yo se konfye yo konfye nou yo pou n pran swen yo. Annou gen lanmou ak konpasyon epi konsa fè yon diferans nan lavi moun yo konfye nou yo.

Sè m yo, mwen renmen nou. Mwen priye pou nou santi lanmou Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè nou Jezikri. Mwen temwaye nou ke Sovè a vivan. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Jill Mulvay Derr, Janath Russell Cannon, and Maureen Ursenbach Beecher, *Women of Covenant: The Story of Relief Society* (1992), 32–33.
2. Jid 1:22.
3. Matye 9:36; 14:14.
4. Gade Jan 13:15.
5. Gade Mozya 18:8–9.

6. Gade Mozya 4:26.
7. Gade Doktrin ak Alyans 81:5.
8. Doktrin ak Alyans 88:77.
9. Doktrin ak Alyans 20:53.
10. Julie B. Beck, “Relief Society: A Sacred Work,” *Liahona*, Nov. 2009, 113.
11. Mozya 18:21.
12. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Nov. 2009, 86.
13. Doktrin ak Alyans 12:8.